



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PWOGRAM 'VAX & SCRATCH' LA AP BAY BIYÈ LOTRI POU PRIM JISKA 5 MILYON DOLA

Moun ki vaksinen nan youn nan 10 sit vaksinasyon tanporè Eta a yo pral resevwa yon biyè lotri NYS 20 milyon dola yo ka grate

Sit yo sitiye nan New York Santral, Finger Lakes, Long Island, Mid-Hudson, Mohawk Valley, Vil New York ak Rejyon Lwès New York

Sit yo ouvri pou moun ki pa gen randevou ak pou randevou soti 24 me rive 28 me; tout sit yo ouvri soti 8 AM rive 7 PM

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon nouvo pwogram vaksinasyon ki pral bay biyè lotri NYS gratis ke moun ka grate pou moun ki genyen 18 ane ak plis avèk yon gran prim 5 milyon dola. Okòmansman pwogram lan pral gen ladan 10 sit vaksinasyon nan Vil New York, Long Island, Mid-Hudson, New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley ak Rejyon Lwès New York. Sit yo pral ouvri soti lendi 24 me rive vandredi 28 me. Tout sit yo pral ouvri soti 8 AM rive 7 PM. Pwogram lan pa pap afekte finansman pou edikasyon an.

"Nou konnen ke vaksinasyon yo se pyès mètrès devinèt la ke nou bezwen pou bat COVID yon fwa pou tout", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap fè tout sa nou kapab pou rann pran yon vaksen vini pi rapid ak fasil posib, men kòm pousantaj vaksinasyon yo ap ralanti nan tout Eta a, nou pral bezwen vini kreyatif pou nou mete menm plis piki nan bra yo. Nouvo pwogram pilòt sa a pral ofri yon pi gwo ankourajman pou Nouyòkè yo pran vaksen an lè li ofri yon biyè gratis moun ka grate pou yon chans pou yo genyen jiska 5 milyon dola. Plis moun New York nou kapab rive fè pran vaksen an, sityasyon an ap pi bon epi se pi rapid nou kapab retounen nan yon nouvo nòm, kidonk mwen ankouraje tout moun ki pa ko pran vaksen an pou yo ale nan sit ki pre yo epi pou yo pran piki a."

Pri yo ap peye pou jwèt sa a disponib anba la a:

Premye	5,000,000 dola
Zyèm	50,000 dola

3yèm	20,000 dola
4yèm	5,000 dola
5yèm	2,000 dola
6yèm	500 dola
7yèm	400 dola
8yèm	200 dola
9yèm	100 dola
10yèm	50 dola
11yèm	40 dola
12yèm	30 dola
13yèm	20 dola

Yo pral bay, tikè a, ke detayan yo ap vann nan tout Eta a pou 20 dola, gratis pou moun ki gen 18 ane ak plis ki pran premye dòz vaksen yo a oswa grenn dòz vaksen Johnson & Johnson lan youn nan sit yo. Sit yo ouvri ni pou moun ki pa gen randevou ak pou [randevou](#).

VIL NEW YORK

Medgar Evers College - Carroll Building

231 Crown St
Brooklyn, NY

Bay Eden Senior Center

1220 East 229th St
Bronx, NY

Javits Center

429 11th Ave
New York, NY

York College

160-2 Liberty Ave
Jamaica, NY

LONG ISLAND

SUNY Stony Brook Innovation and Discovery Center

1500 Stony Brook Rd
Stony Brook, NY

NEW YORK SANTRAL

State Fair Expo Center: NYS Fairgrounds

581 State Fair Blvd

Syracuse, NY

HUDSON VALLEY

New York National Guard Armory (Asenal Gad Nasyonal New York)

2 Quincy Pl
Yonkers, NY

REJYON LWÈS NEW YORK

University at Buffalo, South Campus

3435 Main St
Buffalo, NY

MOHAWK VALLEY

Enstiti Politeknik SUNY (SUNY Polytechnic Institute)

100 Seymour Rd
Utica, NY

FINGER LAKES

Arèn Dom Rochester (Rochester Dome Arena)

2695 East Henrietta Rd
Henrietta, NY

Nouvo pwogram pilòt la ajoute sou efò Eta New York kontinye fè yo pou rann vaksen kont COVID-19 la pi aksesib. Nan dat 17 me, Gouvènè Cuomo te anonse [twa nouvo sit vaksinasyon tanporè](#) an kolaborasyon avèk MTA, k ap elaji pwogram reyisi ki te [lanse](#) nan 12 me pou pote vaksen COVID-19 la nan arè estasyon MTA yo nan Vil New York, Long Island ak rejyon Mid-Hudson yo.

Nan dat 27 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke apati 29 avril, tout sit vaksinasyon an mas eta yo ap ouvè pou vizit san randevou, yon kontinite nan efò pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vaksinen. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou epi elimine lòt baryè pou vaksinasyon yo pou Nouyòkè ki kalifye yo.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)